

18

janvyè

Yo antere yon kò... ki fèb, men, se yon kò ki gen pisans ki leve. 1 Korentyen 15. 42, 43

E, menmjan nou te abiye ak yon kò ki pòtrè ak kò nonm ki pousyè a, se konsa tou, nap abiye ak yon kò ki pòtre ak kò nonm ki sot nan syèl la.

1 Korentyen 15. 49

Mirak rezireksyon an

Nan jaden m nan, gen yon cheni gri k ap ranpe ti pa ti pa sou yon pye wozye, li klè, l ap chache yon kote pou li ka transfòme. Li jwenn yon fouch, li tou rete la, ak pasyans, l ap prepare anvlop li.

Bagay sa a tèlman enterese m, mwen ale vire tounen nan jaden an pou m pa pèdi ouvèti sa. Konsa, yon bon jou, sa te fè kè m kontan pou m wè yon bèl papiyon ki te fèt, k ap louvri zèl, plizyè koulè li yo pou seche yo nan solèy. Li yon ti jan frajil toujou, tankou li te toudi apre bèl transfòmasyon sa a li pase e etone pou li wè limyè solèy la.

Cheni sa a ak papiyon an se yon sèl e menm bagay, ki kòmanse viv pandan l ap ranpe e fini li pandan l ap vole. Moun Bondye sove a èske se pa konsa li ye tou ? Toutotan l ap viv sou latè, se nan doule l ap avanse, li mare ak nati sa a ki sal ak peche, l ap sipòte maladi, fatig, lapenn. Apre sa li dòmi e yo mete kò li nan kavo, tankou yon lav cheni ki sanble pa gen lavi. Men, se pa finisman istwa sa a. Yon jou gen pou vini kote Senyè a va abiye n ak kò ki pa ka mouri tankou pa li a, epi se va yon bèl vòl pou ale nan kay Papa a pou tout tan.

“Lè sa a, pawòl ki te ekri a, va akonpli :... lanmò, kote laviktwa w la ?” (1 Korentyen 15. 54, 55).

18

janvier

Le corps est semé... en faiblesse, il ressuscite en puissance. 1 Corinthiens 15. 42, 43

Comme nous avons porté l'image de celui qui est poussière, nous porterons aussi l'image du céleste.

1 Corinthiens 15. 49

Le miracle de la résurrection

Dans mon jardin, sur la tige d'un rosier, une chenille grise rampe et tâtonne, cherchant visiblement un endroit favorable à sa métamorphose. Elle jette son dévolu sur une fourche, s'y installe et là, patiemment, se met à confectionner son cocon.

Intéressé par le phénomène, je me rends régulièrement au jardin pour ne pas manquer l'éclosion. En effet, un beau jour, j'ai la joie d'assister à la naissance d'un magnifique papillon qui déploie et sèche au soleil ses ailes multicolores. Il est encore fragile, comme étourdi par l'extraordinaire transformation qu'il vient de subir et ébloui par la lumière du jour.

Cette chenille et ce papillon sont un seul et même être, qui commence sa vie en rampant et la finit en volant. Celui que le Seigneur a sauvé n'est-il pas ainsi ? Tant qu'il vit sur la terre, il avance péniblement, lié à la nature salie par le péché, supportant la maladie, la fatigue, les peines. Puis il s'endort et son corps est déposé dans la tombe, comme une chrysalide apparemment sans vie. Mais ce n'est pas la fin de son histoire. Le jour vient où le Seigneur le revêtira d'un corps immortel semblable au sien, et ce sera l'envol glorieux et définitif vers la maison du Père.

“Alors s'accomplira la parole qui est écrite :... Où est, ô mort, ta victoire ?” (1 Corinthiens 15. 54, 55).